# Karakalpak - Bad Mind Scriptures

Genesis 26:35 Бул ҳаяллар Ысақ пенен Ребекканың басына көп қайғы салды.

Deuteronomy 28:65 Бирақ сол халықлардың арасында тынышлығыңыз да, дем алатуғын бир жериңиз де болмайды. Ол жерде Жаратқан Ийе сизлерге титиреген жүреклер, үмитсизлик ҳәм үмитсиз көзлер береди.

Рут 1:18 Нағыйма Руттың өзи менен бирге кетиўге қатаң қарар еткенин көрип, оны қайтып үгитлемеди.

2 Самуел 17:8 Әкеңиздиң ҳәм оның адамларының мәрт жаўынгерлер екенин билесиз. Олар далада балаларынан айырылған айыў сыяқлы ғәзепли. Буның үстине, әкеңиз тәжирийбели жаўынгер, ол түнди әскерлер жанында өткермейди.

Тымсал 21:27 Залымның қурбанлығы – жеркенишли, Әсиресе, жаўыз ой менен берсе, оннан да жаман.

Тымсал 29:11 Ақмақ бар ашыўын төгер, Дана өзин өзи бийлер

Ezekiel 23:17,22,28 Mind alienated - Ефес 4:18 Олардың сана-сезимлери топырланып, ишиндеги наданлық ҳәм жүреклериндеги қаталлық себепли, Қудайдан берилген өмирге жат болған.

Ezekiel 36:5 Despiteful mind - Рим 1:30 жалахор, Қудайды жек көриўши, хорлаўшы, менмен, мақтаншақ, жаманлық ислеўге шебер, ата-анасының сөзин тыңламайтуғын,

Ezekiel 38:10 Evil thoughts - Mat 15:19 Өйткени жаманлық ойлаў, адам өлтириў, неке ҳадаллығын бузыў, бузық болыў, урлық ислеў, жалған гүўалық бериў ҳәм масқаралаў кеўилден шығады.

Даниел 5:20 Mind hardened in pride - Лука 1:51 Өз қолы менен қүдиретин көрсетип, кеўиллеринде менмен ойлары бар адамларды пытыратты.

Лука 12:29 Сонлықтан да, не ишип, не жейтуғыныңызды излеп, тәшиўишленбеңлер.

Елшилер 12:20 Ол Тир ҳәм Сидон турғынларына қәҳәрли еди. Сонда олар өз ара келисип, Ҳиродқа келди. Патшаның исенимли хызметшиси Бластусты өз тәреплерине аўдарып, жарастырыўды сорады. Өйткени олардың үлкесиниң азық-

аўқаты патшаның үлкесинен ғәрезли еди.

Елшилер 14:2 Бирақ, исенбейтуғын яҳудийлер басқа миллет адамларын туўысқанларға қарсы өшегистирип, олардың ақыл-ойын уўлады.

Рим 1:28 Қудайды билиўди қәлемегенликтен, Қудай да оларды бузық ой-сезимлерине ҳәм ислеўге болмайтуғын ис-ҳәрекетлерди ислеўге тапсырды.

Рим 8:6 Гүнакар тәбият басқаратуғын ой-пикирлер өлимге, ал Мухаддес Руўх басқаратуғын ой-пикирлер өмирге ҳәм тынышлыққа еристиреди. 7 Себеби гүнакар тәбият басқаратуғын ой-пикирге ийе адам – Қудайға душпан. Ол Қудайдың Нызамына бойсынбайды ҳәм бойсына алмайды да.

Рим 11:20 Дурыс. Олар исенбегенликтен кесилип тасланды. Ал сен исенимиң себепли жалғанып турыпсаң. Сен мақтанба, ал қорқ!

2 Коринт 10:5 Сол қураллар менен сандырақ сөзлерди ҳәм Қудайды билиўге тосқынлық қылатуғын ҳәр қандай менменликти жоқ қыламыз, Масихқа бойсынбайтуғын ҳәр бир ой-пикирди Масихқа тутқын етип бойсындырамыз.

2 Коринт 11:3 Бирақ, жыланның Ҳаўа-енени ҳийлекерлик пенен алдағанындай, сизлердиң ақыл-ойларыңыздың да бузылып, Масихқа деген ҳақыйқый ҳәм пәк садықлықтан аўып кетиўинен қорқаман.

Ефес 2:3 Бир ўақытлары бизлердиң ҳәммемиз де усындай адамлардың арасында өз гүнакар тәбиятымыз бойынша жасадық. Денемиздиң ҳәм ой-нийетимиздиң жаман қәлеўлерин орынладық. Сол себептен басқалар сыяқлы бизлер де тәбиятымыз бойынша Қудайдың ғәзебине ылайықлы адамлар едик.

Ефес 4:17 Сонлықтан мен усыны айтып, сизлерди Ийемиздиң атынан ескертемен: буннан былай, бутқа табыныўшы миллетлердиң адамлары сыяқлы, бос ой-қыялларға берилип жасамаңлар.

Колоса 1:21 Сизлер бир ўақытлары жаман ис-ҳәрекетлериңиз себепли, кеўиллериңиз бенен Қудайға жат ҳәм душпан едиңлер.

Колоса 2:18 Жалған кишипейилликтен ҳәм периштелерге сыйыныўдан ләззет алатуғын ҳеш ким сизлерди сыйыңыздан айырмасын. Олар тек өзлери көрген аянларға ғана берилип, өз гүнакар тәбиятының ақылы менен себепсиз көкирек көтереди.

1 Салоника 5:14 Сизлерге жалбарынамыз, туўысқанлар, ис жақпасларға ескертиў жасап, жүрексизлерди жигерлендириңлер, күшсизлерге жәрдем берип, ҳәммеге сабырлы болыңлар.

2 Салоника 2:2 Ийемиздиң күнинин әлле қашан келгенин айтқан ҳәр қандай пайғамбаршылық, сөз ямаса бизлер жибергендей етип көрсетилген хат себепли ақылдан дәрҳал азып, тәшиўишленбеңлер.

1 Тимофей 6:5 Ақыл-ойлары уўланған, ҳақыйқатлықты жойтқан, Қудайға хызмет етиў арқалы байыўға болады, деп ойлайтуғын бул адамлар арасында бәрқулла тартыслар болады.

2 Тимофей 3:8 Янис ҳәм Ямбрис Муўсаға қарсы шыққандай, бул адамлар да ҳақыйқатқа қарсы турады. Бундайлар – ақыл-ойлары бузылған ҳәм ҳақыйқый исенимге ийе емес адамлар.

Титус 1:15 Пәк адамлар ушын ҳәмме нәрсе пәк. Бирақ, напәк адамлар менен исенбейтуғын адамлар ушын ҳеш бир нәрсе пәк емес. Себеби олардың ақыл-ойлары да, ҳүжданы да ипласланған.

Еврейлер 12:3 Гүнакарлардың усындай қарсылықларына шыдаған Ийсаны ойлаңлар. Сонда ҳалдан тайып, руўхый түскинликке түспейсизлер.

Яқып 1:8 Өзиниң пүткил жолларында турақсыз болған, бундай еки ойлы адам Ийемизден бир нәрсе аламан, деп ойламасын.

Pastor T. John Franklin
Church of Salvation, Healing, and Deliverance
COS-HAD.org